

Jan pwogram pwoteksyon sosyal la amelyore developman timoun pitit

Pou 250 milyon timoun ki poko gen senk an nan peyi pòv ak sak mwayenman pòv yo, povrete ekstèm ak difikilte pou grandi menase potesyeòl devlopman yo. Sa presante yon risk ki ka fè lavi timoun yo difisil epi ki fè yo rete bloke nan povrete. Pwovision yon sipò ekonomik pou fanmi yo, en patikilye pou manman yo ki represante prensipal swayan pou timoun yo, atravè pwogram pwoteksyon sosyal konplè tankou ‘pwogram gradyasyon’ ka ofri yon ‘doub wol’: li ka ni amelyore Developmant Timoun Pitit (DTP oswa ECD an anglè) nan lavni pwoch ni redwi povrete nan pi long tan an. Prèv ki sòti nan pwofon rechèch ann Ayiti montre ke sipòte fanm yo ak kondisyon de vi soutenib tankou elve betay oswa bagay pou vann nan mache, beswen ale men-nan-men ak pwomosyon yon anviwònman ankourajan pou timoun yo pou sa ka genyen yon enpak positif pi total.

Povrete, ECD ak pwogram gradyasyon

Viv nan povrete prezante yon gwo risk pou jèn timoun. Li ka menase developmant byolokik ak mantal yo. Ranfòsman ekonomik ka debat sa a epi li ka kraze sik entéjenerasyonal nan povrete a ak amelyore lavni pou timoun yo, fanmi yo ak tout peyi an nèt.

Pwogram gradyasyon yo se yon reyalite relativman nouvel nan plan ki vise ankaraje ranfosman ekonomik la nan yon fason ki ofri yon sòt ampli sipò. Pwogram Chemen Lavi Miyò (CLM) ann Ayiti aplike pa Fonkoze. Pwogram sa a konsantre sou famm ki ka travay nan kay trè pov ak ki gen lòt moun ki depann de yo. Fonkoze ede yo join yon “chemen pou yon lavi miyò”. Li sipòte yo pendan 18 mwa atravè yon pwogram ki kompose de bagay tankou tichocho lajan, aktivite pou ede devlope kapacite moun yo, fomasyon epi pwovision sèvis. Pwogram lan prepare nan yon jan ki fè atansyon tout bagay sa yo epi ki swivi yon sekans. Li fè sa nan yon kontèks kote gen ampli lamisè ak kote pa gen

anpil ditou provizyon sèvis publik. Plis pase mwatye nan popilasyon an ann Ayiti ap viv nan misè epi yo viv kote sèvis tankou lekòl ak klinik sante yo souvan nan pa bon kalite, yo byen lwen epi yo chè.

Pwogram Gradyasyon

Pwogram gradyasyon yo base su lide ke beswen yon gwo pouse pou l ta posib pou moun k'ap viv nan povrete ekstrèm soti sityasyon sa a nan yon fason ki dirab, pou yo ka vin “gradye” de povrete a. Se pou tèt sa a ke pwogram sa yo rele osi “pwogram gradyasyon”. Yo ofri yon pwogram ki kompose de yon kombinezon de bagay tankou transfè kob ak byen, tichocho lajan, fomasyon epi lòt sipò. Pandan dènyè dekad la, pwogram sa yo komanse mache sou tout latè a, e kounye a yo aplike nan plis ke 43 peyi.

“Rafosman ekonomik atravè pwogram gradiasyon ka bat risk timoun genyen kontinye viv nan lamisè epi li ka ameliore lavni yo.”

Evalyasion yo te fè de pwogram sa yo montre enpak pozitif ke yo genyen sou bagay moun konsome, sou byen yo genyen ak sou sekirite alimantè yo. Men, pa gen ampil prèv de enpak yo genyen sou devlopman timoun yo, epi mekanism ki amba yo poko fin komprann nèt. Efè yo ka ale nan tout de jan. Disponibilite plis resous ekonomik ka amelyore ni sekirite alimantè ak kondisyon lavi yo, ni aksè sèvis sante ak edikasyon. Yon pi fò sekirite revni ka menen yon pi bon sante mantal epi li ka redwi estrès nan manman yo. Yon entrènman ki fèt byen atravè yon gèsyonè ka ki bay anpil atansyon sityasyon sa yo ka amelyore konesans epi change positivman pratik de swen moun yo.

Men, gen risk ke lè fanm kap bay swen komanse pran plis responsabilite ekonomik, sa ka fèl pi difisil pou yo de melanje travay ki peye ak travay ki pa peye, epi l'ap mennen yo jwenn yon kompwomi ant genyen plis kob epi bay bon kalite swen pou timoun yo.

Garanti ke pwogram gradyasyon yo sipòte devlopman timoun yo

Sipòte Swen se yon novo plan ki ofri yon apwòch ki gade tou aspè de ECD a. Li konsantre sou kreye yon anwywònman ki ka pèmèt devlopman byologik, mantal ak emosyonèl de timoun yo pandan yo trè piti.

Sipòte Swen

Plan Sipòte Swen an pwopose pa Organizasyon Sante Mondyal la (WHO an anglè) an 2018 te devlope pou reponn nan yon ijans pou amelyore rezulta sou jèn tomoun yo, epi pou ke patnè entènasyonal tankou UNICEF, Bank Mondyal, UNESCO ak WHO bay yon priyorite sou envertisman nan timoun piti.

Sipòte Swen kapab konsidere tankou yon anviwonman san danje kap pèmèt jèn timoun devlope ak pwospere. Plan an idantife senk domèn pou sipòte swen, sétadi (i) sante, (ii) nitrisyon, (iii) sekirite, (iv) sipò nan swen, epi (v) jèn aprantisaj. Moun ki konn okipe timoun yo enpòtan nan kreyasyon de sipò sante pou timoun yo.

Malgre ke pwomosyon ECD an pa yon objektif debaz nan pwogram CLM nan, li ede sipòte devlopman timoun yo, sitou nan domèn sante, nitrisyon ak sekirite. Pwogram nan kontribye fè timoun yo manje plis maje ak diferant variete manje, epi li amelyore pratik ijièn pou timoun yo, tankou pa egzamp beyen timoun yo pi souvan, pa kite yo mache toutouni, ak itilizasyon latrin yo. Sa a kontribye evite maladi tankou dyare. Pwogram nan konsantre tou sou konstriksyon nouvo kay, sa ki fè ke timoun yo mwen ekspoze kondysyon klimatik ki chanje epi yon gen mwen chans fè mal.

Sepandan, pwogram lan pa jwe yon gwo wòl nan sipòte swen ak jèn aprantisaj. Sa ka pa etone nou ampil paske sityasyon sa yo nan devlopman timoun yo pa two santral nan objectif jeneral de pwogram lan ki pito konsantre sou diminye povrete ak amelyore byennèt fanmi yo. Moun ki kon okipe timoun yo aprann enpòtans komunikasyon ak timoun, menm anvan timoun yo fèt, epi yo pale ak chante ak tibebe yo. Angajman yo vin mwens pozitif ak plis pinitif lè timoun yo vini pi gran. Moun ki kon okipe timoun yo gen mwen pasyans lè timoun yo fache epi yo mwen toleran lè timoun gen yon konpòtman endezirab. Pinisyon kòporèl se yon bagay komen. Timoun pran souflèt oswa yo fè yo chita sou jenou yo konsa yo ka vin disipline. Pwogram CLM nan pa adrese pratik disiplinè sa yo.

Pouwa de yon apwòch konplè

Aksè a plis resous ekonomik, genere ni pa pwogram CLM nan ni pa aktivite ekonomik fanm yo, enpotan pou yon chanjman pozitif. Resous ekonomik vle di disponibilite lajan kach, aksè nan sòl ak tichocho oswa posibilité moun genyen de vann byen yo. Sa yo ka pèmèt moun kap bay swen de bay pitit yo bezwen de baz, epi yo pèmet moun sa yo gen plis espwa. Sa a gen yon efè pozitif sou pwòp byennèt yo ak relasyon yo gen ak pitit yo. Fòmasyon, mesaj kontinyèl ak konsèy adapte fè ke moun mye komprann enpòtans nitrisyon, ijièn ak pratik pou sante a. Sa a bay osi yon opòtinite pou diskite de defi lavi yo.

Pouwa pwogram lan se nan jan aktivite ekonomik, fomasyon ak antrènman melanje ansanm ak nan jan yo ranfose positivman youn nan lòt. Disponibilite nan lajan kach pèmèt mete ansanm tout leson ki fèt aprann, tankou mete en pratik lesон sou nitrisyon ak ijièn. En plis, eksperians nan pratik sa yo ofri patisipan pwogram yo yon prèv de kijan pratik sa yo gen yon efè positif epi yo jwenn pli konfyans nan aplikasyon an.

“Pwogram lan ede sipòte devlopment timoun yo, men li pa gen yon wòl enpotan nan zafè sipòte swen ak jèn aprantisaj.”

Poukisa li byen de melanje sipò materyèl, fòmasyon ak kosèy kontinyèl

Siksè nan sipòt timoun yo bwè dlo pwop montre enpòtans ki genyen nan mete ansanm sipò materyèl ak bay fòmasyon ak konsèy kontinyèl pou fanmi yo.

Tout patisipan yo nan pwogram nan resevwa yon filtè dlò, epi yo jwenn fòmasyon jeneral sou jan yo ka itilize ave'l. Pandan vizit lakay yo, jestionè ka a tcheke kouman moun itilize filtè dlo a epi li tounen pou kontwole nan ka ta gen nenpòt pwoblem. Efè ki geyen nan konbinezon ni resevwa filtè dlo a, ni tande eksplikasyon jeneral, ni kouman pou nou itilize avel ak resevwa moun ki tounen kontwole nan ka ta gen nenpòt pwoblem oswa enkyetid pèmèt fanmi gen yon eksperians enpotan sou itilizasyon sa a epi li komprann benefis ki genyen nan bwè dlo pwòp.

Darline, manman senk timoun, eksplike: "Mwen bwè dlo trete, li pa pral fè'm malad epi mwen pa pral pran dyare oswa kolera. [...] Paske si ou mete dlo nan filtè a, li pral pirifye li. Lè timoun yo bwè li, yo pa pral malad (dyare)."

Sa a ogmante chans pou manm yo pral ranplase filtè ki ansyen oswa sa yo ki kase epi yo pral asire ke timoun yo bwè dlo pwòp kontinyèlman, menm si yo ta pa gen empil resous ekonomik.

Sepandan, eksperyans ak pwogram lan mete aksan sou kompwomi ki genyen ant bezwen travay ak bezwen bay bon jan kalite swen pou timoun yo. Patisipan pwogram lan gen difikilte pou yo fe de bagay sa yo ansanm, ki an fèt represante de jan responsabilite. Sa a vre sitou nan zafè gade timoun yo. Fanm yo souvan bezwen ale byen lwen pou yo ka jwen travay, oswa pou yo fè yon komès nan mache a oswa travaye nan yon jaden. Epitou fanm yo paka pote pitit yo avè yo. Fanm yo kon pa genyen yon bon rezo moun pou yo ta kite timoun yo avel, oswa yo ta ka pa jwen yon lot granmoun yo fè konfyans pou'l gade pitit yo. Fanm yo ka renonse yon opotinite ekonomik pou tèt sa, paske yon pa jwen yon fason pou yo ta al travay e okipe pitit yo.

Identite, konfyans, relasyon ak sèvis

Pwogram CLM lan mete aksan sou kapasite ak abilité fanm yo genyen nan devlope aktivite ekonomik pa yo ak nan kreye yon pifò endependans finansiyè. Sa a ba yo yon objektif ak yon espwa, epi li chanje positivman opinyon fanm yo geyen sou wòl yo genyen ni nan fanmi yo ni nan kominote a. Men, yo toujou wè tankou sa ki prensipal responsab pou gade timoun yo, e pou sa li ranfòse de aktivite sa yo (fè travay ki peye ak prann swen timoun yo). Sa CLM fè pou sa, se mete aksan an sou responsabilite manm li yo. E li fè sa atravè travay ak swen epi li pa gade nan pwoblem de ki bay swen an.

Konfyans ant moun ki kon okipe timoun yo ak sa yo ki bò kote yo se yon bagay ki enpòtan anpil pou nenpòt ki mekanism ki ka asire bon jan kalite swen pou timoun yo pandan moun

ki kon okipe timoun yo angaje nan travay ki peye. Yon wo nivo mekonfyans, ki souvan depann yon kwayans spirityèl ak yon enkietid ke timoun yo an danje, limite opòtinite de kite timoun yo ak lòt moun. Pa gen gwo rezo sosyal sipò, sekonsa ke patisipan pwogram lan konte sou yon ti gwoup fanmi pwoch yo, oswa manm fanmi pwologe oswa yon vwazen pou yo gade pitit yo. Li trè difisil mete ensanm travay ak swen, epitou pa gen ampi opòtinite de entegre nan pwogram CLM nan yon tip de gadri kote tout manm kominote a pote pitit yo.

De relasyon solid represante eleman an ki baz pou jwenn siksè nan pwogram CLM nan ak pou genyen yon enpak positif sou timoun yo tou. Pi gwo siksè ekonomik ak yon pi bon atansyon nan zafè sipò swen pitit yo represante baz pou yon maryaj solid. Yon bon lyen ak fanmi lan ak ak manm kominote a ede mete ansanm tout kalite zafè ki gen rapò ak travay epi swen. Relasyon an ak jesyonè ka a enpòtan tou. Paske relasyon positif yo degaje yon sans de konfyans ak estim ki fè li pli fasil pou moun absòbe mesaj ak pou yo change pratik ki enpotan pou ECD.

Finalman, sekirite ekonomik moun ki okipe timoun yo bezwen akonpaye ak yon disponibilite bon jan kalite sèvis de baz tankou lekòl ak sèvis sante. Konbinezon sa a enpòtan pou asire yon anviwònman pozitif ak ki montre yon sipò pou timoun yo. Pwovizyon sèvis de baz yo manke anpil nan zòn riral Ayiti epi preske ankenn sevis ECD disponib. Sa a limite kapasite pou pwogram tankou CLM pou yo reyalize yon jan swen ki bay sipo, patikilyèman nan sante ak nan jèn laprantisaj.

"Fanm yo kontinyè rete prensipal responsab pou gade timoun yo, sa ki ranfòse difikilte yo genyen pou melanje travay ki peye ak swen. Epitou li mine disponibilite yo ka bay nan zafè sipòt swen timoun yo."

Rekomandasyon politik

Gen kèk leson kle nan apwoch pwogram CLM nan an Ayiti ki ta dwe prann an konsiderasyon pou devlopman pwogram yo ki gen relasyon ak pwoteksyon sosyal, pwogram gradyasyon ak ECD.

Pwogram gradyasyon kontribye geyen pibon rezulta nan ECD an nan bagay sipòte swen. Nou ka jwen pibon efè positif si nou amelyore enpak nan zafè sekirite, sipòte swen ak jèn laprantisaj:

- Tankou mete plis enfòmasyon sou zafè sipòte swen ak jèn laprantisaj nan fomasyon general yo epi nan kontrol ke moun ap fè lè jesyonè ka a al fè visit lakay manm yo
- Pandan fomasyon yo ak vizit de kontrol yo, diskite ak pose kestyon sou zafè pinisyon kòporèl ke moun bay pou yo ka discipline timoun yo
- Enplike mari oswa madanm ak lòt moun ki konn okipe timoun yo nan konvèrsasyon sou tout aspè sipòte swen an
- Travaye avek yon "bon egzanp bon sipò swen" pa asire ke gesyonè ka a ak pèsònèl pwojè an mennen bon egzanp.

Devlopman timoun kapab reyalize sèlman nan yon pwogram gradyasyon ki rekònèt, diminye ak ki distribye responsabilite ke fanm yo genyen nan pran swen timoun yo atravè:

- Diskisyon pandan fomasyon an ak lakay la de difikilte de melanje prann swen ak al travay
- Chèke aktivman ak sipòte solisyon pou gadri timoun pa ranfòse mekanism ki egziste déjà oswa eksplor epi eseye nouvo inisyative. Inisyativ yo ta ka petèt dirije pa manm yo menm
- Evite mesaj direkt oswa endirekt ke se fanm yo ki ta genyen premye responsabilite pou pwovizyon swen pou timoun yo
- Mande kestion pandan fomasyon ak pandan vizit de kontwòl lakay manm yo sou règ yo ki baze sou diferans sèks nan zafè ki konsène responsabilite pou swen timoun yo.

Pwomosyon devlopman timoun pou tout timoun yo baze sou yon necesite genyen aksè nan sèvis de baz ki bon mache ak bon jan kalite. Memm si pwovisyon sèvis sa yo pa responsabilite pwogram gradyasyon yo, kèk lyen ta ka renfòse atravè:

- Ni diskisyon ak gouverneman yo ni bay yo presyon pou yo bay lekòl ak sèvis sante
- Yon pifò kolaborasyon ak lòt ONG yo nan zafè pwovizyon sèvis ECD yo.

Lòt lekti

Banerjee, A. et al. (2015) 'Yon pwogram ki gen plizyè aspè ka koze pwogrè ki dire lontan pou mon ki trè pòv yo: prèv nan sis peyi', *Science* 348.6236

Patenarya pou Enklizon Economik (2018) *2018 Rapò sou sentèz sektè Let a*, Washington DC: Bank Mondyal

Roelen et al. *Chemen pou Lavn Pi Djanm ann Ayiti: Wòl Pwogram Gradiasyon yo genyen nan sipòte Developmant timoun pitit*, Rapò de Rechèch, Brighton: Enstiti nan Etid Devlopman yo a

WHO (2018) *Sipòte Swen pou Devlopman timoun pitit*. Yon plan pou ede timoun yo siviv ak byen grandi pou li ka transforme sante ak potansyèl imen an, Geneva: Organizasyon Mondyal Lasante (WHO)

Kredi yo

Enfomasyon politik IDS sa a te ekri pa **Keetie Roelen** ak modifikasyon **Vivienne Benson** yo. **SungKyu Kim** te kontribue tou. Rechèch la te finanse pa Pwogram Developman Timoun Pitit yo a de Akademi Britanik la.

Opinyon yo ki eksprime yo se otè yo yo ye epi yo pa neseséman reflete opinyon oswa politik IDS yo ni sa gouvènman Britanik la yo.

© Institute of Development Studies 2019



Sa se yon enfomasyon Acsè Ouvè ki distribue nan respè tèm Lisans Entènasyonal Creative Commons Attribution 4.0 la (CC BY). Sa a pèmèt itilizasyon san restriksyon, distribisyon, ak repwodiksyon nan nenpòt ki jan, depi otè orijinal la ak sous yo kredite epitou depi nenpòt modificasyon ak adaptasyon yo endike. <http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/legalcode>

ISSN 1479-974X



Enfomasyon Politik IDS yo pibliye pa Enstiti nan Etid Devlopman yo a epi yo vize bay trè bon kalite analiz ak rekomandasyon pratik sou enpòtan pwoblèm devlopmen yo pou moun kap fè politik. Pou nou abòne: www.ids.ac.uk/idspolicybriefings

Institute of Development Studies, Brighton BN1 9RE UK
T +44 (0) 1273 606261 F + 44 (0) 1273 621202 E ids@ids.ac.uk W www.ids.ac.uk
[Twitter](https://twitter.com/IDS_UK) #idspolicy [Facebook](https://facebook.com/idsuk)